SHUMIRO YEMUCHATO

 [Mumhanzi wemuchato unoridzwa kwemaminitsi 6—Mupepeti]

2 Ndiani wandichakumbira kuti, kuti mudzimai uyu ave mwenga kumurume uyu? [Baba vemwenga vanoti, "Ini, baba vake."—Mupepeti]

3 Vanodiwa vadikani, taungana pano pamberi pechita chino, muHupo hwaMwari, kuti tibatanidze musvitsa tsvene murume uyu nemudzimai uyu, iyo inoremekedzwa, sekutaurwa kwazvakaitwa naMutsvene Pauro, pakati pevanhu vose. Naizvozvo haifanirwe naani zvake kupindwa mairi usina kurairwa kana nekurerutsa, asi neruremekedzo, wakangwarira, wakarairwa, wakabengenuka, nemukutya Mwari.

4 Muchinhano chitsvene ichi 2 ava vari pano vauya kuzobatanidzwa. Kana pane aripo pano anogona kuratidza chikonzero chakakodzera chekuti sei vasingafanire kubatanidzwa zviri pamurawo musvitsa tsvene iyi, ngavataure iye zvino, kana kuti vanyarare zvachose.

5 Ndichakukumbirai nekukurairai imi muri vaviri, sezvo muchazopindurira zvechokwadi paZuva reKutongwa apo zvakavanzika zvemoyo yese zvichaiswa pachena kuti kana paine mumwe pakati penyu anoziva chero chidziviso chekuti sei musingafanire kubatanidzwa pamwe chete zviri pamurawo musvitsa tsvene iyi, ungachireurura here zvino, nokuti ngazvizivikanwe kwamuri kuti vanhu vose zvavo vanobatanidzwa neimwe nzira isingabvumirwi neShoko raMwari, muchato wavo hausi pamurawo.

6 Asi tichitenda kuti manyatsofungisisa nezvemungava une kurevesa uyu wamava kupinda mauri wekuti magadzirira kupinda mumwe chetemo, neruremekedzo, wakangwarira, nehuchenjeri, nemukutya Mwari, ndichakupai sungano yemuchato; muchataura zvimwe chetezvo makabatana maoko enyu ekurudyi. [Chikomba nemwenga vanobatana maoko avo ekurudyi—Mupepeti]

7 Unotora here mudzimai uyu kuti ave mudzimai wako waunochata naye zviri pamurawo, kuti mugare pamwe chete muchinhano chitsvene ichi chesvitsa, unovimbisa here kuda, kukudza nekuyemura muhurwere nemuhutano, muhupfumi kana muhurombo, uye uchasiya vamwe vose wonamatira kwaari oga chero bedzi imi vaviri muri vapenyu? [Chikomba chinoti, "Ndichadaro."—Mupepeti]

8 Unotora here murume uyu kuti ave murume wako waunochata naye zviri pamurawo, kuti mugare pamwe chete

musvitsa tsvene iyi, unovimbisa here kuda, kukudza, kuyemura muhurwere nemuhutano, muhupfumi kana muhurombo, uye uchasiya vamwe vose wonamatira kwaari oga chero bedzi imi vaviri muri vapenyu? [Mwenga anoti, "Ndichadaro."—Mupepeti]

9 Ndichada chiratidzo kubva kwamuri chekuti sungano iyi yaitwa pakati penyu ichagara ichichengetwa. [Marin'i anoiswa paBhaibheri raHama Branham, chikomba chinobva chaisa rin'i pamunwe wemwenga, uyewo mwenga anobva aisa imwe rin'i pamunwe wechikomba—Mupepeti] Zvino mungabatane maoko enyu ekurudyi zvakare here paShoko raMwari.

Ngatikotamisei misoro yedu.

10 Mwari Samasimba, iMi makachatisa murume nomudzimai wokutanga mubindu reEdheni, muchibatanidza pamwe chete zvisikwa zveNyu imi, tinocherechedza, nhasi, kuti kuraira uku kwakaitwa zvichidzika nemumazera kusvika pamuchato uno chaiwo. Uye, Baba, ndiMi Moga Munogona kubatanidza mwoyo mumwe kune mumwe. Uye tinonamata, Baba voKudenga Vanodikanwa, sezvo izvi zvaitwa nezano reNyu rehuchenjeri, kuti Maunza mukomana wechidiki uyu, weChikristu nemusikana weChikristu pamwe chete kuti vabatane mushumiro tsvene iyi nhasi, kuti vave murume nemudzimai kune mumwe nemumwe murwendo rwehupenyu hwose, tinonamata kuti Muvaropafadze, muropafadze musha wavo. Vaitei muenzaniso, Ishe, munharaunda yavachaita musha wavo.

11 Muzuva rino ratiri kurarama, apo matare ekurambana azara kwazvo nekupfachukira nevari kurambana, dai zvikasambodaro kumurume wechidiki uyu nemudzimai wechidiki uyu. Mwari, itai kuti vagofara, vaine hutano. Itai kuti vave nezvibereko, Ishe, uye vawande, kuti vazadze nyika, sezvaMakatiraira kuti tiite pakutanga. Uye sekuropafadza kwaMakaita Isaka naRabheka, ndokubereka vana vavo vakatendeka, ngazvive saizvozvo kuvaviri ava, zvakare, Baba. Varopafadzei, tinonamata.

12 Uye zvino, nesimba rokutumwa kwangu rakapihwa kwandiri naMwari Samasimba kuti ndive muranda waVo, uye rikashumirwa kwandiri neNgirozi, ndinotaura kuti murume uyu nemudzimai uyu: vava murume nemudzimai, muZita raJesu Kristu. Ameni.

13 Mwari vakuropafadzei. Machata. [Vaviri vanotsvodana, vobva vatarisa kuungano. Anoridza piyano anotanga kuridza *Wedding March*—Mupepeti]

14 Chose hacho chabatanidzwa naMwari, ngapasave nemunhu anoparadzanisa. [Chikomba, mwenga, nevaperekedzi vanobuda—Mupepeti]

Ngatikotamisei misoro yedu.

15 Mwari vanodikanwa, sezvatapupurira nhasi, kuti, moyo 2 inogona kurova semumwe, uye tichangobva kuva neshumiro iyi, ndokuendesa murume wechidiki nemudzimai wechidiki kubva kudzimba dzavo kuti vaende vanozviitira musha wavo, tinoyeuchidzwa, O Mwari, nezvemumwe Muchato mukuru uchavako rimwe zuva, apo Jesu anouya kuzotambira Mwenga waKe. Uye sezvataona mudzimai mudiki akamira asina gwapa ari mugauni rake remuchato, O Mwari, dai tikachengeta mweya yedu isina kusvibiswa nezvinhu zvenyika kuti tigodiwa naiYe Anova Mudiwa wedu patinosvika panguva iyoyo. Zviitei, Ishe. Uye tinonamata kuti maropafadzo eNyu ave nemumwe nemumwe wedu, uye dai tararamira nguva iyoyo yatichatora chikamu muChiitiko chikuru chinomiriririrwa neizvi. MuZita raJesu, tinonamata. Ameni.

16 Ishe vakuropafadzei.

[Hama Branham vanotaura zvitaurwa zvinotevera mushure meshumiro—Mupepeti]

17 Hanzvadzi Simpson, ndinoda kukukorokotedzai nekuda kwemukuwasha akanaka, anotaridzika semurume akanaka kwazvo.

Nemiwo, zvakare, Hama Simpson. Ishe vakuropafadzei.

18 Amai vemukomana uyu varipo here, kana baba, mumwe wavo? [Imwe hama inoti, “Kwete. Havana kukwanisa kuuya.”—Mupepeti] Oo, zvakanaka. Ndinofunga kuti vamwe vana vacho vamira kuti vakorokotedzwe, munoona, sehama dzedu dziri kunze uko.

19 Zvinoka, zvinoita sekuti totongoenderera hedu mberi toita chechi. Handizvo here? Vese—vese vakaungana, uye ino ingatova nguva ya—yakanaka yekuparidza, haingave here, mushure mekunge vachata.

20 Zvinoka, ndotongofanira kuenda kuPhoenix zvino, ndodzokerako ndonotanga mumwe wayo. Misangano ichaenderera mberi paWestward Ho ballroom mangwana masikati. Kusvika panguva iyoyo, Ishe vakuropafadzei mose.

21 Hama Dauch, zvakanaka kwazvo kukuonai zvakare, zvakanaka kukuonai zasi kuno. Ko hanzvadzi iripi? Vari muno here? [Hama Dauch vanoti, “Neche pano chaipo.”—Mupepeti] Oo, zvakanaka. Oo, hongu, ndakatonyatsokutarisai hangu. Makadii? [Hanzvadzi Dauch vanoti, “Ndiripo.”—Mupepeti] Oo, zvakanaka.

65-0116x Shumiro Yemuchato
Private Home
Tucson, Arizona U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org